



Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO RAPLE NOUYÒKÈ YO DWA YO GENYEN POU ETANN
KOUVÈTI IVF YO A AP ANTRE ANVIGÈ AN JANVYE**

***Fasil pou Jwenn Sèvis IVF ak Prezèvasyon Fètilite se yon bagay fondamantal nan
pwogram jistis Gouvènè a pou fanm yo***

***Depatman Sèvis Finansye mete [Kesyon Moun Poze Souvan "FAQs"](#) pou founi
enfòmasyon pou Nouyòkè yo a epi fòmè konpayi asirans yo sou responsablite yo
an rapò ak Sèvis IVF ak Prezèvasyon Fètilite yo***

***Règleman Asirans Sante Gwo Konpayi yo Dwe Kouvri Medikaman sou
Preskripsyon IVF yo***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te raple Nouyòkè yo dwa yo dapre ekstansyon kouvèti asirans fecondasyon in vitro a - oswa IVF - ak sèvis prezèvasyon fètilite yo ki pral antre anvigè apati 1ye Janvye 2020. Pou ede rezidan ak konpayi asirans New York yo byen konprann nouvo lwa a, Depatman Sèvis Finansye prepare dokiman [Kesyon Moun Poze Souvan](#) pou klarifye chanjman ki fèt nan kouvèti asirans IVF yo ak sèvis prezèvasyon fètilite yo, ki gen ladan yo kouvèti asirans obligatwa pou medikaman sou preskripsyon gwo konpayi asirans sante yo bay an koneksyon avèk sèvis IVF yo. Dokiman Kesyon Moun Poze Souvan yo bay Nouyòkè yo enfòmasyon pou ede yo konprann detay sou kalifikasyon ak pwoteksyon yo epi pou mande konpayi asirans yo konfòmite avèk kondisyon legal yo dapre ekspansyon kouvèti asirans repwodiksyon an.

"New York ap mennen batay la pou elaji aksè sante repwodiktif la pou tout Nouyòkè yo, kèlkeswa moun yo renmen an oswa kantite lajan yo genyen", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo lwa sa a pral kontribye nan kraze baryè ekonomik ki anpeche twòp moun ak fanmi yo gen pitit pa yo epi bay Nouyòkè yo plis kontwòl sou sante repwodiksyon yo ak desizyon planin famiyal yo."

Melissa DeRosa, Sekretè Gouvènè an e Prezidan Konsèy Gouvènè a sou Fanm ak Ti Fi (Governor's Council on Women and Girls) te deklare, "Chak moun ta dwe gen chwa pou kòmanse yon fanmi, se sa ki fè New York ap pran latèt nan etann pwoteksyon pou IVF ak sèvis konjelasyon ze. Gen anpil travay pou fè men ak nouvo lwa sa a, plis Nouyòkè pral genyen dwa pou yo chwazi epi pou yo resevwa swen sante repwodiktif ki san danje e abòdab ke yo bezwen - kèlkeswa sitiyasyon sosyo-ekonomik, kondisyon matrimonyal, oryantasyon seksyèl oswa idantite seksyèl".

Linda A. Lacewell, Sipèntandan nan Sèvis Finansye e yon Manm Konsèy Gouvènè a pou Fi ak Ti fi, te deklare, "Jan direktiv yo fè li parèt klè jodi a, DFS ak Eta New York kanpe bò kote fanmi yo epi nou ap raple Nouyòkè yo dwa yo epitou konpayi

asirans yo obligasyon yo dapre nouvo lwa IVF ak Prezèvasyon Fètilite Eta a. Byenke Washington ap retade dwa sante repwodiktif enpòtan yo, New York ap kontinye goumen pou asire Nouyòkè yo resevwa swen yo merite".

Nouvo avantaj ki obligatwa yo dapre lwa a gen ladan l:

- Kouvèti obligatwa pou medikaman ak preskripsyon ki an koneksyon avèk sèvis IVF yo pa gwo konpayi asirans sante yo.
- Aksè nan sèvis prezèvasyon fètilite pou Nouyòkè ki gen asirans ki pral resevwa yon swen ki gen rapò ak sèks.
- Politik asirans sante ki bay swen konplè yo dwe kouvri sèvis prezèvasyon fètilite yo, ki gen ladan yo estokaj ze ak/oswa anbriyon si sa nesèsè medikalman jiska twa sik IVF yo bay yo.
- Kouvèti pou twa sik IVF yo, ki gen ladan l tout tretman ki kòmanse ak medikaman preparasyon pou eksitasyon nan ovè a nan objektif pou prepare w pou IVF la lè l sèvi avèk yon anbriyon fre oswa jele, gwo konpayi asirans sante yo.

Lwa a entèdi tou restriksyon laj sou asirans IVF a epi entèdi konpayi asirans yo enpoze limit avi sou sèvis prezèvasyon fètilite yo.

Senatè Diane J. Savino te deklare, "Pou anpil fanm, tretman fètilite se sèl fason pou yo tonbe ansent epi kenbe l. Yo rekonèt fegondasyon in-vitro a kòm metòd ki pi sèten an e ki pi efikas. Etandone yon nouvo ane ak nouvo règleman toupre rive, li enpòtan pou Nouyòkè yo konnen e okouran de opsyon yo genyen. Mwen kontan pou m kontinye goumen pou asire nou pri pwosedi yo ki chè anpil pap yon obstak pou yon fanmi ki an sante nan New York".

Manm Asanble Aravella Simotas te deklare, "Enfètilite se yon maladi medikal ki bay anpil kè kase ki afekte yon pakèt fanmi nan New York chak ane. Yo te toujou konsidere fegondasyon in-vitro depi lontan kòm swen ki pi apwopriye pou maladi sa a, men pasyan yo pa t kapab jwenn aksè nan tretman san danje e efikas sa a. Sa fè kè m kontan paske finalman anpil Nouyòkè pral kapab jwenn aksè nan kouvèti asirans IVF san yo pa fòse yo chwazi ant peye yon pri tèt nèg nan pòch yo pou depans medikal ak kreye fanmi yo vle a".

Kouvèti IVF a enpòtan pou moun k ap fè fas ak obstak nan fètilite, sa gen ladan l koup omoseksyèl ak fanm selibatè. Kouvèti prezèvasyon fètilite a se yon avantaj enpòtan pou pasyan kansè oswa lòt pasyan k ap resevwa tretman medikal ki ka afekte kapasite yo pou gen pitit. Kouvèti IVF ki obligatwa a rann sèvis la plis disponib pou anpil Nouyòkè yo, kèlkeswa sityasyon sosyo-ekonomik, sityasyon matrimoyal, oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl yo.

Akòz yo mete anpil aksan sou karyè, reta nan maryaj ak posibilite finansye, demann pou sèvis IVF kontinye ap ogmante. Laj mwayèn premye pitit lakay yon fanm nan peyi Etazini an ogmante de 21 a 25 an depi 1970, rezon prensipal la se akòz ogmantasyon nan premye timoun ki fèt lakay fanm ki gen 35 e plis. Pousantaj premye pitit lakay fanm ki gen laj 30 ane oswa plis yo ogmante de 5% a 26% soti nan 1975 pou rive 2010. Etandone fanm yo ap jwenn presyon pou yo chwazi ant yon karyè epi pou yo gen yon

fanmi, nouvo lwa sa a ap ede anpil Nouyòkè jwenn aksè apwopriye nan sèvis asirans IVF yo.

Nou ka jwenn yon kopi Kesyon Moun Poze Souvan yo "FAQ" [sou sitwèb DFS la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)